



Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL KONVOKE GWROUP TRAVAY ENTÈ-AJANS SOU SEKIRITE
ENSANDI APRE ENSANDI NAN KONTE JEFFERSON, ORANGE AK SUFFOLK**

***DHSES-OFPC, NYSERDA, DEC, DPS ak DOS pou egzamine dife nan enstalasyon
depo enèji epi nòm sekirite yo***

***NYSERDA ak lòt ajans eta yo pral kòmanse enspeksyon sekirite touswit sou
enstalasyon depo enèji yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kreyasyon yon nouvo Gwoup Travay Entè-Ajans sou Sekirite Ensandi pou asire garanti ak sekirite sistèm depo enèji yo atravè eta a, aprè ensidan dife nan enstalasyon nan Konte Jefferson, Orange, ak Suffolk pandan ete sa a. Ajans Eta yo pral kòmanse enspeksyon imedyat sit depo enèji yo, epi Gwoup Travay la pral ede fè prevansyon ensandi epi asire li ke sekouris ijans yo gen fòmasyon ak enfòmasyon ki nesèsè pou prepare ak deplwaye resous nan ka yon ensandi.

"Aprè plizyè ensidan sou sekirite ensandi atravè New York, mwen te mande ajans Eta yo pou yo fòme imedyatman Gwoup Travay Entè-Ajans sou Sekirite Ensandi pou mobilize pèsònèl ak resous ki nesèsè pou asire sekirite Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Gwoup Travay la pral kolabore ak premye sekouris yo epi lidè lokal yo pral idantifye pi bon pratik, trete risk potansyèl yo pou sekirite piblik, epi asire ke sit depo enèji atravè New York yo an sekirite epi efikas".

Anplwaye Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la ak Inite Entèkansyon Ijans Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) te entèvni nan ensidan nan Konte Jefferson lan nan jedi epi yo te sipòte patnè entèkansyon ijans yo nan fè tès pou kontwòl lè a ak prekosyon nan zòn ki antoure dife a. OFPC ap deplwaye pèsònèl adisyonèl nan Konte Jefferson jodi a pou ede ponpye lokal yo nan investigasyon yo sou sa ki te lakòz dife a okòmansman. Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) Divizyon an ak DEC kontinye kontwòl sityasyon an epi yo pare pou bay sipò adisyonèl sou teren nan Konte Jefferson. Yon investigasyon adisyonèl ap fèt nan Konte Orange apre ensandi ki te rive nan kòmansman mwa sa a.

Pandan ke ensandi nan enstalasyon depo enèji yo ra anpil, Gouvènè Hochul te mande Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (DHSES), Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York, Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS), ak Depatman Deta (Department of State, DOS) pou dirije Gwoup Travay la pou egzamine yon fason endepandan ensandi nan enstalasyon depo enèji ak nòm sekirite yo. Gwoup la pral pwofite ekspè ki gen renome nasyonal ak laboratwa nasyonal nan analiz kòz rasin depo enèji ak entèkansyon ijans pou evalye ak idantifye yon fason endepandan kòz komen yo, rezilta kontwòl lè a oswa lòt enpak sou kominote a, ak lòt faktè ki enplike ensandi nan depo enèji.

Gwoup Travay la pral byen investigate ensandi ki te rive dènyèmman yo nan depo enèji nan New York la epi li pral fè yon revizyon konplè sou sekirite ensandi, ki gen ladan analiz entèkansyon ijans, nan pwojè depo enèji ki te fè eksperyans evènman estokaj tèmik atravè New York. Konklizyon yo pral genyen yon lis rekòmandasyon pou enstalasyon ak ekipman depo enèji estasyonè yo. Gwoup Travay la pral revize operatè yo ak operasyon sistèm depo enèji yo pandan y ap: egzamine kondisyon batri yo pou verifye ke yo fonksyone selon paramèt konsepsyon yo; repare nenpòt defisyans ke yo idantifye; verifye fonksyonman ekstenksyon dife sou plas; epi konfime plan ekstenksyon dife avèk depatman ponpye lokal yo, pami lòt bon pratik.

Konklizyon yo ak rekòmandasyon yo pral pataje tou ak Depatman Ponpye Vil New York, Asosyasyon Nasyonal Pwoteksyon Ensandi (NFPA), Konsèy Kòd Entènasyonal (ICC), Konsèy Kòd Konstriksyon ak Prevansyon Ensandi Eta New York la, ak Underwriters Laboratories, ki etabli New York kòm yon lidè nasyonal ak entènasyonal nan sekirite ensandi ak sistèm depo enèji estasyonè.

Enstalasyon depo enèji yo jwe yon wòl enpòtan nan efò eta a ap fè pou redwi emisyon ki kontribiye nan chanjman klima epi ede eta a reyalize objektif anbisye ke li genyen nan zafè klima yo selon Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLPCA) a.

Komisè Depatman pou Prezèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "DEC bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li bay priyorite ak sekirite sitwayen New York yo epi li asire ke kwasans endistri enpòtan sa a ap avanse nan yon fason ki pwoteje kominote nou yo ak anviwònman an. DEC pare pou travay ak patnè nou yo pou analize pratik aktyèl yo epi jwenn fason pou amelyore operasyon yo nan enstalasyon depo enèji yo pou etabli nòm kle pou enèji avni pwòp an sekirite epi responsab".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Sekirite kominote nou yo enpòtan anpil, epi reprezantan Eta yo ap kòmanse imedyatman yon inisyativ ki gen plizyè pati pou adrese enkyetid sa yo jodi a ak fòmasyon yon Gwoup Travay Entè-Ajans pou konsantre sou deplwaman estratejik ak sekirite depo enèji atravè New York ki makonnen ak enspeksyon sou plas enstalasyon depo enèji yo. NYSERDA espere agrandi

kolaborasyon nou ak lòt ajans eta yo, reprezantan lokal yo, kominote akèy yo ak premye sekouris yo, ansanm ak laboratwa ak patnè nasyonal yo, pou idantifye rekòmandasyon ki ka ede Eta a ak endistri yo pou nòmalize pi bon pratik yo".

Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare, "Depatman an ap travay pou asire ke sekirite vin an premye pandan ke genyen pi plis batri ke y ap mete an sèvis. Nou pral mete efò nou ansanm pou fè analiz kòz rasin yo epi fè swivi ak rekòmandasyon sou sa ki bezwen chanje pou bese ensidan ak enpak evènman sa yo alavni".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Asire sekirite Nouyòkè yo se premye travay nou epi ekip nou an te entèveni byen rapid lè te gen dife nan Konte Jefferson lan pandan yo t ap kontwòle lè a pou asire ke rezidan ki tou prè yo pa t an danje imedyà. Nou rete sou teren an pou jere ensandi sa a epi ede investigasyon an. Sit sa yo esansyèl pou asire avni klimatik nou an epi Gouvènè Hochul ap pran mezi pou asire yo fonksyone san danje. N ap travay ak patnè ajans nou yo sou solisyon alontèm pou diminye alavni ensandi ki gen rapò ak enèji nan tout eta a".

Administratè Ponpye Eta New York la, James Cable, te deklare, "Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta a kontinye travay ansanm ak omològ lokal nou yo nan Konte Jefferson pou asire ke rezidan yo an sekirite. Pandan n ap travay pou ede investigasyon sou dènye ensandi yo, n ap fè patenarya ak lòt ajans nan tout eta a pou anpeche ensidan sa yo lakòz domaj sou Nouyòkè yo".

Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Sekirite kominote nou an se priyorite prensipal nou pou Eta a epi n ap travay avèk patnè nou yo nan gouvènman an pou asire ke enstalasyon depo enèji yo rete an sekirite nan eta a. Depatman Deta a pare pou ede ak sipòte Gwoup Travay Entè-Ajans Gouvènè Hochul ki pral enspekte sit depo enèji yo nan New York epi asire ke kominote nou yo an sekirite epi jwenn sèvis".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)